# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 अप्रैल 2024 भोजपुरी समाचार

राष्ट्रीय लोकदल क अध्यक्ष जयंत चौधरी, गौतमबुद्धनगर जिला के भारतीय जनता पारटी क ओम्मेदवार महेश शर्मा के समरथन में चुनाव प्रचार कइ रहल हवें। बुलंदशहर के सिकंदरबाद लोकसभा क्षेत्र के अपने पैतृक गांव भटोना में भइल चुनावी जनसभा में उहां के भाजपा ओम्मेदवार के पक्ष में ओट डरले क अपीलि कइलीं।

ओहर, बहुजन समाज पारटी से बिजनौर क पूर्व सांसद मलूक नागर राष्ट्रीय लोकदल क सदस्यता ले लिहले हवें। येह बिच्चे, लोकसभा चुनाव के पहिला फेरा बदे चुनाव प्रचार जोरिया गइल बाटे। हमरे पीलीभीत प्रतिनिधि बतवलें कि ओइजा भाजपा क ओम्मेदवार जितिन प्रसाद बदे जल शक्ति मंत्री अउर भाजपा क नेता स्वतंत्र देव सिंह चुनाव प्रचार कइ रहल हवें। येह सीटि बदे समाजवादी पारटी क अध्यक्ष अखिलेश यादव बिहने पूरनपुर में चुनाव प्रचार करिहें। ओहीं बीसलपुर में आवे वाले पनरह अपरैल के बसपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावती क जनसभो होई।

**********

भारतीय जनता पारटी प्रदेस के भदोही लोकसभा सीटि से डाक्टर विनोद कुमार बिंद के आपन ओम्मेदवार बनवले हवे। पारटी के केन्द्रीय कार्यालय से जारी प्रेस विज्ञप्ति के मोताबिक उनके नांव के केन्द्रीय चुनाव समिति मंजूरी दिहले हवे। ओइजा से हमार प्रतिनिधि बतवलें कि डाक्टर विनोद कुमार बिंद पेसा से डॉक्टर हउवें अउर मझवां सीटि से विधायक हवें। भदोही क मौजूदा सांसद रमेश बिंद के येह बेरि पारटी आपन ओम्मेदवार नाही बनवले हवे। येह संसदीय सीटि पर टीएमसी क ओम्मेदवार ललितेश पति त्रिपाठी पहिलहीं से चुनाव मैदान में बाड़ें।

**********

पूरा प्रदेस में ईदि क तिउहार सान्तिपूर्ण वातावरण में हंसीखुसी के साथे मनावल जा रहल हौ। प्रभु श्रीराम क नगरी अजोध्या में आजु एक सौ छप्पन ईदिगाहन अउर एक सौ तिरपन मस्जिदन में ईदि क नमाज पढ़ल गइल। येह मौका पर ओइजा कई जगहिनि पर मेलो लागल हउवे। भगवान श्रीराम क तपोभूमि चित्रकूटो में लोगि एक दुसरे के ईदि क बधाई दिहलें अउर गले मिलि क सौहार्द्र क सनेसा दिहलें। मऊ जिला में लोगि नमाज पढ़ि के देस के खुसहाली क दुआ मंगलें। बलरामपुर जिला मे ईदि के तिउहार के देखत पुलिस अधीक्षक खुदै गस्त लगा के कानून व्यवस्था क जायजा लिहलें। कुशीनगर जिला में मस्जिदन के बहरे हिन्दू समुदाय क लोगि मुस्लिम समुदाय के लोगिन से गले मिलि के उन्हें ईदि क बधाई दिहलें। अम्बेडकरनगर जिला में लोगि अमन चैन के साथे ईदि मनावत भाई–चारा क दुआ मंगलें। विस्व प्रसिद्ध ताजमहल में देस–बिदेस से आइल लोगि नमाज पढ़लें। ईदि के नाते भिन्नहीं सात बजे से नौ बजे ले ताजमहल में पर्यटकन के निःसुल्क प्रवेस दीहल गइल। बाकिर मुख्य मकबरा खातिर सुल्क क व्यवस्था जारी रहल। गोरखपुर जिला के शाहमारूफ क बड़ी मस्जिद, मदीना मस्जिद अउर बाले मियां के मैदान के सथहीं कई जगहिनि पर ईदि क तिउहार मनावल गइल अउर भारी भीड़ि क जुटान भइल।

**********

भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर के अन्तर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा पर रूस से इंस्ट्रूमेंट लैंडिग सिस्टम–आईएलएस मसीनि ले आइल गइल हवे। येह मसीनि के चलले से साढ़े पांच सौ मीटर क दृस्यता होखलहू पर एयरक्राफ्ट हवाई अड्डा पर उतारल जा सकी। एयरपोर्ट क निदेसक राजेन्द्र प्रसाद लंका बतवलें कि ई मसीनि एगो नेविगेसन सिस्टम हवे। एयरपोर्ट पर डॉप्लर वेरी ओमनी रेंज– डीवीओआर क काम पहिलहीं पूरा हो चुकल बाटे। येह दुन्नो मसीनिनि के चालू हो गइले के बाद एयरपोर्ट से हवाई उड़ान में आसानी हो जाई।

**********

बीतल चउबीस घंटा में प्रदेस में भइल दुइ गो अलगि–अलगि सड़क दुरघटना में सात जने क मउति हो गइल जबकि दुइ जने घाही हो गइलें। पीलीभीत जिला के जहानाबाद थान्हा क्षेत्र में आजु भिन्नहीं तीनि अलगि–अलगि बाइक पर नमाज पढ़े जा रहल पांच लोगिन क निसरा गांव के लग्गे अज्ञात वाहन टक्कर मारि दिहलस। तिन्नो क ओहिजुकवें मउति हो गइल। ओहीं शाहजहांपुर जिला में काल्हि पुवाया क्षेत्र के निगोही रोड पर एगो कार बेकाबू हो के खाई में गिरि गइल, जवने से कार में बइठल दुइ लोगिन क मौकवे पर मउति हो गइल। दुरघटना में घाही दुइ लोगिन के इलाज बदे मेडिकल कॉलेज में भरती करावल गइल हवे।

**********

आजमगढ़ जिला के दीदारगंज क्षेत्र में काल्हि तलाब में नहात क चारि लइकन क डुबले से मउति हो गइल। सात से दस बरिस उमिरि के येह सज्जो लइकन क पोस्टमार्टम करववले के बाद पुलिस सव परिजनन के सउंपि दिहलस।

**********

बीतल राति गोरखपुर अउर आसपास के जिलन में तेज बेयारि बहल अउर गरज–चमकि के साथे हल्लुकाहे बरखो भइल। हलांकि दिन में तेज घाम अउर गरमी महसूस कइल गइल। पछिला चउबीस घंटा में कानपुर, कानपुर देहात अउर रायबरेली के सथहीं पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कई गो अउरियो जिलन में तेज बेयारि के साथे हल्लुक से ले के तेज बरखा भइल। येह बिच्चे मौसम विभाग तेरह अउर चउदह अपरैल के प्रदेस में कुछु जिलन में गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क अनेसा जतवले हवे। विभाग के मोताबिक प्रदेस के पच्छिमी जिलन में कुछु हिस्सन में ओलो परले क आगम बाटे।

**********